

La Bib pou ti moun
prézanté

Nonm rich
la ak nonm
pòv la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Jezi te konnen anpil nan lidè (chèf) legliz yo te renmen lajan plis pase Bondye. Li te rakonte sa ki te rive de mesye epi poukisa li pa itil anyen pou yon moun rich san li pa genyen Bondye nan lavi li. Lajan pa ka achte lavi etènèl avèk Bondye nan syèl la.




Te gen yon nonm rich
ki te konn abiye ak rad
ki te koute anpil lajan
(chè). Li te konn abiye
tankou yon wa.



Nonm rich la te toujou konn ap byen manje. Chak repa yo se te toujou yon bèl fèt. Li te genyen tèlman anpil lajan li te ka achte tout sa li te vle pou dejene, manje midi ak dine (soupe) — menm pou ti goute yo.



Yon pòv mandyan ki te malad ak grangou te kouche
devan pòt kay nonm rich la. Li te rele Laza.



Pòv Laza te kouvri ak maleng.
Petèt li te gen yon maladi grav.
Petèt li te blese ak genyen mak
sou li paske lòt moun te bat li.
Petèt li te gen maleng paske li
pa te manje bon manje tankou
lèt, legim ak vyann.



Laza te anvi
manje anpil.
Li ta kontan
anpil ak
nenpòt sa ki
te tonbe sot
sou tab nonm
rich la.



Kèk chen ki pa te genyen
mèt te konn vin
niche maleng pòv
mandyan san
defans lan
pafwa. Yo te
konn ap pran fre
bò kote li a epi
yo te niche blese
li yo. Pèsonn pa te bay
Laza regle anyen pou
yo ni grangou li a.



Yon jou
maten, Laza
pa te leve.
Pòv mandyan
ki te nan
grangou a, ki
pa te genyen
zanmi an, te
kite lavi sa a.
Li te mouri.



Lajwa te kòmanse pou Laza apre lanmò li a. Jezi te di zanj yo pou yo te pote Laza bay Abraram. Bondye te konsole Laza. Bondye te konsole Laza.



Nonm rich la te mouri tou. Tout lajan li yo pa te kapab sove lavi l. Lè lanmò vini, pèsonn pa ka anpeche li.



Yo te antere nonm rich la. Petèt yo te fè yon gwo antèman pou li. Petèt kèk moun te felisite nonm rich la paske li te entelijan epi li te reyisi. Men, lwanj yo pa te ede li. Nonm rich la te nan lanfè.




Nan lanfè, nonm rich la t ape kriye, "Abraram, papa mwen, voye Laza pou li mete pwent dwèt li nan dlo a pou l ka rafrech lang mwen, paske m ap soufri anpil nan dife sa a."




"Pandan ou t ap viv la, ou te genyen tout bagay, men Laza pa te gen anyen."
Abraram te reponn li.
"Kounye a Laza jwenn konsolasyon, epi w menm w ap soufri. Pèsonn pa kapab travèse gwo tou a ki separe ou menm ak nou an."



"Voye Laza avèti senk frè mwèn yo,"
nonm rich la te sipliye li. "Mwèn pa
vle pou yo menm tou yo vin tonbe isit
la kote ki gen soufrans sa a."



"Frè w yo gen Pawòl Bondye a,"
Abraram te reponn. Si senk frè w
yo pa kwè Bib la, yo p ap kwè tou
Laza te resisite.



Lè Jezi te fin rakonte istwa nonm rich la ak Laza a, lidè legliz yo te petèt mande tèt yo : "Èske mwen renmen richès plis pase mwen renmen Bondye ?" Kounye a yo te konnen sa ki t'ava rive yo si yo pa te suiv Pawòl Bondye a.



Nonm rich la ak nonm pòv la
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Lik 16

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résite priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

